

Ukara Asertif sajrone Akun Instagram @yowessory

UKARA ASERTIF SAJRONE AKUN INSTAGRAM @YOWESSORY,

Nilasari Oris Safitri

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
nilasarisafitri16020114049@mhs.unesa.ac.id

Dr. Surana, S. S., M. Hum.

Dosen S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Tindak turur ilokusi nuduhake/asertif minangka perangan tindak turur kang isih ngrembaka ing urip bebrayan. Ing perkembangan jaman kang sansaya maju, basa jawa uga bisa tetep eksis ngetutake lakune jaman. Kayata akun *instagram* @yowessory kang migunakake ukara-ukara basa jawa sabendina kanggo nuturake samubarang kang dirasa bener lan menehi informasi. Ancas saka panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake jinis Tindak turur ilokusi nuduhake/asertif adhedhasar saka legeyane panutur lan pananggape mitra turur. Sajrone panliten iki teori kang digunakake yaiku teori pragmatik, lan kanggo merangake jinis e nggunakake teori tindak turur Searle. Metodhe kang digunakake yaiku metodhe panliten deskriptif kualitatif. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku maneka warna tuturan saka akun *instagram* @yowessory. Wujud dhata panliten awujud ukara-ukara kang dituturake dening panutur lan mitra turur. Tatacara nglumpukake dhata nggunakake metodhe *screenshot*, maca, lan nulis. Dhata kang disuguhake kanthi cara informal.

Asile saka panliten iki saka postingan tanggal 18 maret 2019 nganti 6 April 2020 ana 132 tuturan awujud ukara kang nuwuhake wujud tindak turur ilokusi nuduhake/asertif sajrone akun *instagram* @yowessory. Banjur tindak turur ilokusi nuduhake/asertif sajrone *akun instagram* @yowessory kaperang miturut jenis e tindak turur ilokusi nuduhake/asertif ana 6 yaiku (1) Nyatakake (*menyatakan*), (2) Menehi Pamanggih (*mengusulkan/memberi pndapat*), (3) Menehi Ngerti (*Memberi tahu*), (4) Nglaporake (*melaporkan*), (5) Sambat (*mengeluh*), (6) Umuk (*membual*). Tindak turur ilokusi nuduhake/asertif nyatakake ana 16 tuturan, Menehi Pamanggih ana 13 tuturan, Menehi ngerti ana 46 tuturan, Nglaporake ana 5 tuturan, Sambat 32 tuturan, Umuk ana 20 tuturan. Adhedhasar legeyane panutur ana 4 jenis yaiku kanthi cara langsung cetha, lansung ora cetha, ora langsung cetha, lan ora langsung ora cetha. Adhedhasar pananggape mitra turur ana loro, kanthi cara ditampa lan ditampik. Saka dhata kang ana nuduhake yen basa jawa ora ketinggalan jaman, masia saiki ana *trend akun instagram* basa jawa isih bisa melu ngeksis.

Tembung wigati: Ukara asertif, jenis, fungsi, kahanan sosial.

PURWAKA

1.1 Landesan Panliten

Tindak turur ilokusi nuduhake/asertif minangka perangan tindak turur kang isih ngrembaka ing urip bebrayan. Ing perkembangan jaman kang sansaya maju, basa jawa uga bisa tetep eksis ngetutake lakune jaman. Kayata akun *instagram* @yowessory kang migunakake ukara-ukara basa jawa sabendina kanggo nuturake samubarang kang dirasa bener lan menehi informasi. Tindak turur ilokusi yaiku tindak turur kang nduwensi fungsi ngandharake kanthi

maksud gawe nglakokake tindakan kang pingin dicapai dening panutur nalikane nuturake marang mitra turur. Miturut (Wijana, 1996) Tindak turur ilokusi minangka tuturan kang uga nduwensi fungsi aweh pawarta supaya bisa ditindakake kanggo nindakake samubarang saka panutur marang mitra turur.

Pacaturan yaiku kagyatan cecaturan kang nduwensi ancas ngandhani utawa menehi kawruh marang wong liya kanthi nuduhake babagan kang luwi apik saka isi pitutur kasebut lan diarani nuturi utawa ngandhani (Widada, 2001:807). Sajrone

nindhakake pacaturan mbutuhake basa. Basa minangka alat interaksi sosial utawa alat komunikasi manungsa. Ing saben pacaturan, manungsa ngaturake informasi utawa warta kang ana pikirane, ide, niat, perasaan, lan emosi. Miturut pengalaman kang nyata, basa kasebut mesti muncul kanthi bentuk tuturan individu utawa tindak turur. Pramila saben sinau babagan struktur basa kudu diwiti saka mbiji tindak turur wicara. Tindak turur mujudake wujud konkrit fungsi basa, kang dadi dhasar kajian pragmatik (Rahardi, 2005). Pragmatik ngandharake ngenani hubungan tindak basa lan konteks arupa papan panggonan, wektu, kahanan lan anane hubungan antarane makna lan kahanan.

Anane perkembangan teknologi kang saya maju duweni pengaruh kang gedhe agawe masyarakat utamane sajrone nggunaake teknologi lan informasi. Jaman saiki manungsa luwih umum nyampeake informasi lan uga weruh berita-berita anyar ing medhia sosial kanthi nggunaake ragam basa tulis amarga cara kuwi dianggep luwih cepet utawa *up to date*. Amarga, Ing jaman saiki, informasi luwih gampang di *update*. Lewat media sosial kabeh bisa di mangerten, amarga saben dina manungsa mbukak *Hp (handphone)*. Sajrone ngandharake bab, manungsa nggunaake akeh basa, ana basa Indonesia, basa Inggris, basa Jawa lan liya-liyane. Uga ana akeh medhia sosial kang ana ing play store utawa aplikasi kang di gunaake dening masyarakat yaiku ana WA (*WhatsApp*), LINE, Shopee, lan isih akeh banget liyane. Salasawijine medhia sosial kang lagi digandrungi masyarakat Indonesia yaiku *instagram*. Amarga sajrone aplikasi *instagram* bisa ngamot foto lan video kang narik kawigaten, uga ana TV, manungsa bisa nuduhake kagyatam urip e lumantar *instagram* marang wong liya uga bisa dadi medhia ngasilake dhuwit.

Akun @yowessory salasawijine akun kang nduwensi isi ukara-ukara asertif kang ngibur masyarakat utamane kang lagi ceklek ati amaga tresnane pedhot. Uga ana ne sindiran-sindiran kang narik kawigatene masyarakat agawe panliti nliti babagan kasebut. Utamane ngenani tindak turur nuduhake sajrone akun *instagram* @yowessory. Sajrone Instagram akeh banget akun-akun, wiwit akun pribadhi, akun dodolan, akun gosip nganti akun dhagelan tuladhane @dagelan_jowo @kethoprak_jowo @yowessory. Bukti yen akun *instagram* ing jaman saiki digandrungi akeh

masyarakat utamane ing masyarakat Indonesia. Kebukti yen kang melu langgan ing sajrone akun instagram @yowessory nganti ana setengah yuta. Akun instragram @yowssory kang ngemot tema nuduhake ngenani babagan ing sajrone postingane akeh banget babagan kang gandhut tindak turur nuduhake. Tindak turur nuduhake/asertif sajrone akun instagram @yowessory bisa narik kawigaten masyarakat, amarga sambung kalian kahanan urip e masyarakat lan tuturane uga pas, apa maneh nalikane ngenani babagan tresna. Panliten iki cocok banget, gawe mangerten anane tindak turur asertif sajrone *caption* (katrangan) lan gambar-gambar sajrone *akun instagram* @yowessory

Tuladhane dhata : (20)

@yowessory: Jane meh ngomong kangen, paling kowe yo ra nggagas to? Wong ilang wae ra digoleki og.. ha ha ha

“sebenarnya ingin bilang kangen, paling kamu juga tidak perduli kan? Orang hilang saja tidak dicari kok.. hahaha”

@emarl: Pengen ngetag doi ning samar ra digagas, malah soyo isin pie..

“Ingin nandai dia tapi takut tidak perduli, jadi semakin malu gimana..”

<https://www.instagram.com/p/B90vv5OAltS/>

(diakses 6 april 2020) postingan 17 maret 2020

Saka tuladha dhata ing nduwur nuduhake yen objek iki patut diteliti amarga tindak turur aserti isih ngrembaka ing sajrone urip bebrayan, kabukti saka dhata kasebut. Sajrone ngnalisis utawa mangerten makna saka akun *instagram* @yowessory dibutuhake teori kang cocok yaiku teori pragmatik. Amarga pragmatik ngandharake ngenani hubungan tindak basa lan konteks arupa papan panggonan, wektu, kahanan lan anane hubungan antarane makna lan kahanan. Unsur-unsur kang kalebu sajrone Pragmatik yaiku deiksis, implikatur, presuposisi utawa praanggapan, tindhak basa lan uga konteks (Sudrajat, 2008 : 121). Miturut Jacob (sajrone Rahardi, 2005 :

49) uga nduweni pendhapat yen pragmatik yaiku ilmu basa kang nyinaoni kahanan kanthi cara nggunaake basa kang adhedasar ditamtuake dening konteks. Sajrone tindhak turur kaperang ana telu, yaiku tindak turur lokusi, ilokusi lan perllokusi. Sajrone panliten iki panliti bakal nliti tindak turur ilokusi asertif sajrone akun *instagram* @yowessory. Dadi bab kang bakal diandharake yaiku ukara-ukara asertif kang diposting akun *instagram* @yowessory minangka panutur, komentar-komentar masyarakat sajrone postingan photo kasebut minangka mitra turur.

Punjere Panliten

Saka lelandhesan ing dhuwur undheran panliten sajrone panliten iki yaiku:

- 1) Kepiye wujud ukara tindak turur asertif sajrone akun *instargam* @yowessory?
- 2) Apa wae jinis tidak turur asertif sajrone akun *instagram* @yowessory adhedhasar legeyane panutur?
- 3) Apa fungsi tindak turur asertif adhedhasar tuturan panutur tumrap mitratutur (*masyarakat*) sajrone akun *instagram* @yowessory?

Ancase Panliten

Saka undheran panliten ing dhuwur, sajrone panliten iki nduweni ancas kanggo:

- 1) Mangertenip kepiye wujud ukara tindak turur asertif sajrone akun *instagram* @yowessory
- 2) Supaya bisa mangertenip ana apa wae jinis tindak turur asertif adhedhasar legeyane panutur sajrone akun *instagram* @yowessory
- 3) Supaya bisa mangertenip apa wae fungsi tindak turur asertif andhedhasar tuturan panutur tumrap mitra turur (*masyarakat*) sajrone akun *instagram* @yowessory

Paedah Panliten

Adhedasar ancuse panliten kasebut, panliten iki diarepake bisa nuwuhake paedah praktis lan teoritis.

- (1) Paedah teoritis

Panliten iki diajab bisa nambah pengetahuan ngenani ilmu pragmatik lan kajian tindak turur, uga bisa migunani kanggo panyengkuyung ngrembakane

ilmu pragmatic lan kajian tindak turur, utamane tindak turur asertif kang ana sajrone akun *Instagram* "yowessory".

- (2) Paedah praktis

Paedah kanthi praktis yaiku saka panliten iki dikarepake bisa menehi paedah tumrap materi ajar Basa Jawa ing Sekolah. Panliten iki uga bisa kanggo dhasar pasinaon pamaos sajrone nyinaoni Basa Jawa mliline bab wicara Jawa, Uga nguweni wawasan lan pemahaman ngenani tuturan-tuturan kang ngandhut bab ukara asertif. Amarga nalikane cecaturan karo sapa wae lan nemoni tuturan kang ngandhut perangan saka tindak turur asertif bisa mangertenip lan paham apa kang dimaksud lan tujuwan lawan turur kanthi cara becik.

Panjentrehan Tembung

Sajrone panliten iki nggunaake tetembungan antarane yaiku:

- (1) Tindak turur

Austin (1962: 94-107) njlentrehake yen tindak turur kaperang dadi telu tindakan yaiku tindak turur lokusi, tindak turur ilokusi, tindak turur perllokusi.

- (2) Pacaturan

Pacaturan yaiku kagyatan cecaturan kang nduweni ancas ngandhani utawa menehi kawruh marang wong liya kanthi nuduhake babagan kang luwi apik saka isi pitutur kasebut lan diarani nuturi utawa ngandhani (Widada, 2001:807)

- (3) Tindak turur Illokusi

Miturut (Wijana, 1996) Tindak turur illokusi minangka tuturan kang uga nduweni fungsi aweh pawarta supaya bisa ditindakake kanggo nindakake samubarang saka panutur marang mitra turur. Tindak turur illokusi yaiku tindak turur kang nduweni fungsi ngandharake kanthi maksud gawe nglakokake tindakan kang pingin dicapai dening panutur nalikane nuturake marang mitra turur.

- (4) Ukara asertif

Ukara asertif kalebu tindak tutur kang nduweni ancas kanggo menehi ngerti, menehi pamanggih, sambat, umuk, nuduhake, nyatakake, lan ngandhani samubaran kang diarani luwih pener lan bener apaanane panutur marang mitra tutur.

(5) Instagram

Akun Instagram @yowessory minangka salasawijine akun medhia sosial kanggo ngandharake pawarta lan nuwuhake kreativitas supaya narik kawigaten pamaca kanggo ngetrepake tuindhak becik sajrone urip bebrayan sabendina.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan kapustaan bakal ngandharake ngenani konsep-konsep kang digawe sajrone nliti tidak tutur ilokusi nuduhake/asertif. Andharan konsep bakal dadi panyengkuyung sajrone panliten ing ngisor iki.

Panliten Saemper

Ana ing bab panliten saemper bakal ngandharake ngenani panliten sadurunge kang meh padha karo panliten kang saemper arep ditliti mahasiswa Universitas Negeri Surabaya yaiku kang kapisan asil panliten saka Ekawati (2016) ‘*Tindak Tutur Ilokusi Dakwah K.H. Anwar Zahid Sajrone Pengajian Umum Ing Desa Kanoreejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban*’. Asil panliten iki ngasilake bab jinise tindak tutur ilokusi kang kaperang ana loro yaiku tindak tutur ilokusi asertif lan tindak tutur ilokusi ekspresif. Kang kalebu jinis tindak tutur ilokusi asertif yaiku tindak tutur asrtif menyatakan (ngandhani), asertif menyatakan (micara), asetif menyarankan (menehi anjuran), asertif melaporkan (pawarta) lan asertif membanggakan. Dene kang kalebu jinise tindak tutur ilokusi ekspresi yaiku ana tindak tutur ekspresi nesu lan tindak tutur ekspresi ngakoni utawa mengakui.

Banjur panliten kaping loro kang saemper yaiku panliten saka Rizqian (2017) “*Tindak Tutur Ilokusi Dakwah K.H. Ghofur Sajrone Pengajian Umum Ing*

Wewatesane Paliten

Kanggo matesi supaya panliten iki ora ngladrah lan fokus marang topik judhul. Wewatesane panliten sajrone paliten iki yaiku ngenani bab ukara asertif basa kang ana ing sajrone akun instagram @yowessory, ngenani tindak tutur nuduhake antarane panutur lan mitratutur sajrone akun instagram @yowessory lan konteks kang sajronne tuturan kasebut.

Desa Putat Kecamatan Turi Kabupaten Lamongan”.

Asil saka panliten iki ngasilake perangan jinise tindak tutur ilokusi asertif ngandhani, asertif micara, asertif menehi piwulang, asertif nglaporake, ngunggung. Tindak tutur ilokusi ekspresif, yaiku tindak tutur ekspresi nesu, ngakoni. Tindak tutur ilokusi direktif, komisif, deklaratif. Fungsi tindak tutur ilokusi Kompetetif kaperang ana telu yaiku fungsi tindak tutur ilokusi kompetetif mrintah, kompetetif njaluk, kompetetif janji.

Panliten kaping lima yaiku panliten kanga padha topik e ananging beda objek kang diteliti yaiku panliten saka Novi Indria (2020) kanthi judhul “*Tindak Tutur Asertif ing Pasar Songgolangit, Banyudono, Kabupaten Ponorogo*”. Sajrone panliten iki njlentrehake ngenani jinise tindak tutur asertif adhedhasar legeyane panutur lan pananggape mitra tutur. Alesan panlti nliti bab kasebut amarga tindak tutur asertif isih ngrembaka ing bebrayan utamane ing Pasar Songgolangit. Teori kang digunakake yaiku teori tindak tutur miturut *Searle*. Asil saka panliten iki adhedhasar legeyane panutur diperang dadi papat yaiku kanthi cara blaka langsung, blaka ora langsung, ora blaka langsung, jinis iki diperang dadi sangalas.

Banjur pananggape mitra tutur kaperang loro yaiku ditampa lan ditampik.

Saperangan panliten kang wis ditindhakake ing ndhuwur ngenani babagan tindak tutur kang nggunaake titingen pragmatik lan digayutake marang kahanan sosial masyarakat. Mula ing panliten iki bakal ditindhakake panliten ngenani ukara asertif nuduhake sajrone akun instagram @yowessory kang ngunaake dhata apa anane sajrone urip bebrayan kang arupa postingan kanti wujud ukara.

Konsep-Konsep ing Panliten iki

Sajrone bab iki bakal ngandharake saperangan konsep lan teori kang digunakake minangka landhesan panliten. Teori kasebut yaiku teori kang gegayutan karo tindak tutur ilokusi utamane pangertene pragmatik, tindak tutur, jinis tindak tutur.

Basa

Basa minangka alat interaksi sosial utawa alat komunikasi manungsa. Ing saben pacaturan, manungsa ngaturake informasi utawa warta kang ana pikirane, ide, niat, perasaan, lan emosi. Miturut pengalaman kang nyata, basa kasebut mesti muncul kanthi bentuk tuturan individu utawa tindak tutur..

Pragmatik

Tindak tutur mujudake wujud konkret fungsi basa, kang dadi dhasar kajian pragmatik (Rahardi, 2005). Pragmatik ngandharake ngenani hubungan tindak basa lan konteks arupa papan panggonan, wektu, kahanan lan anane hubungan antarane makna lan kahanan. Unsur-unsur kang kalebu sajrone Pragmatik yaiku deiksis, implikatur, presuposisi utawa praanggapan, tindhak basa lan uga konteks (Sudrajat, 2008 : 121).

Miturut Leech (sajrone Rahardi, 2005 : 48) pragmatik yaiku cabang ilmu linguistik kang diwiwiti liwat dasar pemahaman saka kepiye basa kang digunaake sajrone cetaturan. Sabanjure, Parker

(sajrone Rahardi, 2005 : 48) nambahake yen pragmatik lumatar bukune kanthi judhul *Linguistic for Non-Linguistical*, yen pragmatik minangka cabang ilmu basa kang nyinaoni struktur basa kanthi cara eksternal. Yaiku kepiye satuan linguistik tertamtu digunaake sajrone cetaturan satenan e. miturut Jacob (sajrone Rahardi, 2005 : 49) uga nduweni pendhatap yen pragmatik yaiku ilmu basa kang nyinaoni kahanan penggunaan basa kang adhedasar ditentuake dening konteks.

Tindak Tutur

Tindak tutur utawa *speech act* yaiku bagean sajrone pragmatik saengga dadi pusat ing kajian pragmatik. Tindak tutur minangka dhasar kango nganalisis topik pragmatik liyane kayata presuposisi, prinsip kerjasama, lan prinsip kesopanan. Tidak tutur nduweni macem-macem wujud kango ngandharake kekarepan. Sajrone wacana lisan kang asipat dialogis (cecaturan), makna-makna tuturan ora amung ditemtoake dening aspek-aspek formal basa (ukara), liyane kuwi uga ana konteks situasional. Gumperz (sajrone Lubis, 1993:68) ngandharake masalah kasebut, kayata kutipan ing ngisor iki:

“Conversation inference, as I use the term is the situated or context bound prices interpretation, by means of which participants in a exchange asses other’s intention, and on which they base responses”

Miturut Gumperz, inferensi cecaturan yaiku proses interpretasi yang ditamtoake dening kahanan lan konteks. Kanthi cara iku, mitra tutur bisa mangerteni maksud saka panutur, lan aweh pananggap.

Sajrone cecaturan ana interaksi verbal kang nglibatake faktor-faktor kang ana ing sanjabane basa,

yaiku: panutur, mitra tutur, pokok cecaturan lan papan wektu dumadine cecaturan (Surana, 2017:87). Miturut Poedjosoedarmo Konteks tuturan diarani kompenen tutur kang kaperang ana 13 yaiku: (1) Pribadhi panutur utawa wong kapisan, (2) Mitra tutur, (3) anane wong katelu, (4) Maksud/ kekrepan Panutur, (5) Emosi panutu, (6) Nada kahanan tuturan, (7) Pokok tuturan, (8) urutan cecaturan, (9) Betuk Wacana, (10) Sarana panutur, (11) Adegan cecaturan, (12) Kahanan cetaturan, lan (13) Norma basa liyane. Dene Konteks karo aspek-aspek kahanan tuturan adhedhasar Leech (Sajrone Surana 2017:86) yaiku ngenani 5 bab kang arupa kriteria sajrone studi variasi basa yaiku (1) Panutur lan mitra tutur, (2) konteks tuturan, (3) Maksud tuturan, (4) Tuturan minangka bentuk legeyan utawa kagyatan, lan (5) tuturan minangka prodhuk tindak verbal.

Kabeh kedadeyan sajrone panutur winates ing sajrone kagyatan utawa aspek-aspek kagyatan kanthi cara langsung kang diatur ing sajrone kaidah utawa norma kanggo panutur. Mula, tindakan arupa karkteristik tuturan sajrone cecaturan. Ing sajrone tindak tutur, luwih dideleng makna utawa makna tuturan sajrone tindak tutur. Ukara "panas banget ing kene!" Bisa duweni macem-macem makna ing macem-macem kahanan. Bisa uga yen panutur mung nyatakake kanyatan kahanan hawa kasebut ing wektu kasebut, njaluk wong liya mbukak jendhela utawa nguripake kipas angin, utawa malah protes. Pramila, ilmu pragmatik, kalebu tindak tutur kang dibutuhake ing sajrone cecaturan amarga wong asring ngadhepi kebutuhan kanggo ngerti lan nggunakake macem-macem jinis tindak tutur, ing ngendi saben jinis kasebut bisa diwujudake lumantar macem-macem strategi.

Jinise Tindak Tutur

Austin (1962:94-107) njlentrehake yen tindak tutur kaperang dadi telu tindakan yaiku tindakan ngnformasiake utawa nyataak kekarepan "*The act of saying something*", kang diarani tindak tutur lokusi tindakan kang ngarepake mitra tutur gawe nglakoake kekarepan. "*The act of doing something*" utawa tindak tutur ilokusi yaiku tindakan kang nguweni pengaruh marang mitra tutur utawa ngarpake anane reaksi utawa efek utawa hasil tertamtu saka mitra tutur. "*The act of affecting someone*" utawa tindak tutur perlokusi.

Lokusi

Tindak tutur lokusi yaiku tumindhak kanggo nyataake kekarepan. Tindak lokusi ketok nalikane panutur nuturake tuturan utawa pernyataan. Miturut Levinson (sajrone Cahyono, 1995:224) tindak tutur lokusi (locutionary act) yaiku ujaran tembung utawa ukara kanthi makna utawa acuan tertamtu. Chaer lan Leonie (2010: 53) nyataake yen tindak tutur lokusi yaiku tindak tutur kang nyataake kekarepan sajone arti "ngomong" utawa tindak tutur sajrone bentuk ukara kang duweni makna lan bisa dipahami. Bisa dimangerteni yen tindak tutur lokusi nduweni fungsi kanggo nyataake utawa ngnformasiake kekarepan, yaiku ngomongake babagan kanthi makna tembung lan makna kalimat jumbuh karo makna tembung kuwi dhewe marang mitra tutur.

Ilokusi

Miturut Austin (sajrone Tarigan, 2009:109) njlentrehake yen tindak tutur ilokusi yaiku carane panutur nindhaake tumindak sajrone ngandharake samubarang. Tindak tutur ilokusi uga nduweni fungsi minangka aweh pawarta kanggo nindhaake samubarang uga kanggo nuduhae kekarepan panutur marang mita tutur (Wijana, 1996:18). Miturut Searle (sajrone Nadar, 2009: 14) tindak tutur ilokusi yaiku apa kang pingin digayuh dening panutur nalika

nututurake samubarang. Miturut Searle (sajrone Tarigan, 2009: 42-43) jinis tindak turur ilokusi diperang dadi lima. Ana lima jinis tidak turur ilokusi antarane yaiku tindak turur ilokusi direktif, tindak turur ilokusi asertif, tindak turur ilokusi komisif, deklaratif lan tindak turur ekspresif kayata ing ngisor iki :

- (1) Tindak Turur *ilokusi direktif* miturut (Tarigan, 2009:42) yaiku minangka tindak turur kang ngasilake tindakan kang ditindakake panutur marang mitra turur.
- (2) Tindak turur *ilokusi asertif* miturut (Tarigan, 2019: 42) yaiku tindak turur kang nglibatake panutur nalikane micara ngenani bab-bab kang dirasa bener, apa anane ora ana kang ditambah-tambai lan dikurangi dening panutur marang mitra turur. Tindak turur asertif kang arupa ukara asertif adhedhasar wujud Tindak Turur Ilokusi Nuduhake/Asertif sajrone Akun *Instagram @yowessory* miturut Searle (1979 sajrone Leech 1993:163-164) kaperang ana 6 yaiku (1) Nyatakake (*menyatakan*), (2) Menehi Pamanggih (*mengusulkan/memberi pndapat*), (3) Menehi Ngerti (*Memberi tahu*), (4) Nglaporake (*melaporkan*), (5) Sambat (*mengeluh*), (6) Umuk (*membual*)..
- .
- (3) Tindak turur *ilokusi komisif* yaiku njanjeni, sumpah, nawani, dungo. Amarga tindak turur ilokusi komisif minangka tindak turur kang agawe panutur kaiket wektu ana ing tembe ngarep.
- (4) Tindak turur *ilokusi deklaratif* yaiku kayata: nyerahake dhiri utawa pasrah, aweh jeneng, mblituki, nemtoake, nguweni ukuman. Miturut (Leech,1989:105) sajrone tindak

turur ilokusi deklaratif iki ngandharake babagan panutur kang jumbuh karo kasunyatan.

- (5) Tindak turur *ilokusi ekspresif* kayata: atur panuwun, ngucapake selamat, jaluk pangapura, nyataake sedih, seneng, pegel, nesu lan sapiturute. Saka perangan kasebut bisa diweruhi yen Tindak turur ilokusi ekspresif yaiku nalikane panutur nuduhake sipat psikologis utawa carane pamutur ngadepi sawijining kedadeyan (Tarigan, 2009: 42).

Perlokusi

Jenis tindak turur pungkasan yaiku tindak turur perllokusi. Perllokusi yaiku resiko utawa efek kang ana sajrone dhiri mitra turur sawise krungu tuturan kasebut. Miturut Levinson (1995:224) ngandharae yen tindak turur perllokusi (perlocutionary act) yaiku tindak turur diasilake saka pengaruh panutur marang mitra turur amarga tuturan ukara lan nduweni pengaruh kanthi kahanan tuturan kasebut. Tindak turur perllokusi yaiku tuturan kang diandharake nduweni daya pangaribawa (*perlocutionary force*) utawa efek kanggo mitra turur (Wijana, 1996:19). Efek tawa daya pangaribawa iki bisa disengaja utawa ora *dikreasikan* dening panutur. Tindak turur kang nduweni maksud kanggo mangaribawani lawan turur diarani tindak turur perllokusi (Nadar, 2009:15).

Jinis Legeyan Panutur

Legeyan miturut Pranowo (2001:487) ngandharake yen legeyan ateges tumindak panutur kang wis dadi pakulinan. Telung perangan tumindak kang bsa diwujudake panutur yaiku nalikan panutur (1) njlentrehake babagan samubarang, (2) nindakake samubarang, (3) mangaribawani mitra turur (Searle sajrone Surana, 2015:5) Jinise tindak turur nuduhake adhedhasar carane panutur nuturake miturut Searle

(sajrone Surana, 2015:5) kaperang dadi papat yaiku langsung, ora langsung lan blaka, ora blaka. Tuturan langsung yaiku ukara kang nduwensi fungsi kanggo akeh pawarta kang nuduhake sawijine bab, ngajak, ngongkon, mrentah lan liyane.

Ora langsung yaiku mitratutur kudu goleki teges utawa kekarepan panutur satenane. Pamaca utawa mitra tutur kudu bisa nyimpulake dhewe, masia makna kasebut ora keungkap kanthi cara eksplisit. (Surana 2017:238) Blaka yaiku panutur akeh pitutur marang mitratutur kanthi cara langsung lan nggunaake tembung kang cetha. Ora blaka yaiku panutur nuduhake tuturan marang mitratutur kanthi cara langsung ananging ngunaake basa liya kang ora cetha. Dene miturut Wijana (sajrone Nadar, 2009:170) Jinis tindak tutur asertif adhedhasar legeyan saka panutur kaperang dadi papat yaiku blaka, ora blaka, langsung lan ora langsung. Kanthi cara umum, *constative* yaiku ekspresi kapercayan kang nduwensi kekarepan agawe mitratutur melu percaya (Abd. Syukur 1993:16-18). Analisis ngenani perangan constatives ing ngisor iki nuduhake pola kayata ing ngisor iki:

- (1) *Asertif*: (Nyataake, Menehi Ngerti, Sambat, Menehi Pamanggih, Umuk, Nglapurake)
Nalikane panutur nyataake yen Ps lan Mitra tutur pananggape:
 - i. Kapercayan marang Ps, lan
 - ii. Maksud yen Mt percaya yen Ps.

Jinis Pananggape Mitra Tutur

Pananggape mitratutur kaperang dadi loro yaiku ditampik lan ditampa. Tindak tutur kang ditampa yaiku nalika cecaturan mitra tutur bisa nampa tuturan awit mitra tutur ngrasa yen panutur bener-bener tulus anggene nindakake tuturan (Ibrahim, 1993:40-41). Mitra tutur bisa nampa tuturan panutur amarga ngregani panutur kang wis menehi tuturan asipat beik

marang mitra tutur. Dene tuturan kang ditampik miturut Ibrahim (1993:41) ngandharake yen tidak tutur kang ditampik yaiku nalikane mitra tutur ora nerima tuturane panutur. Anggone nampik mitra tutur nduwensi alesan dhewe-dhewe. Dene miturut Mangunsuwo (2002:250) tembung kang awujud tanggap iki awujud nampa utawa nggatekake. Tanggap minangka respon saka mitra tutur marang panutur.

Instagram

Ing Perkembangane jaman, *Instagram* wis dadi tren ing kalangan panganggo media sosial. Ana akeh banget medhia sosial kang ana ing sajrone aplikasi *google play store* kayata *facebook*, *twitter*, *line*, *whatsapp*, *lsp*. Sing paling narik kawigaten panliti saka saakehe medhia sosial kasebut yaiku *Instagram*. *Instagram* saka tembung “*instan*” utawa “*insta*”, kayata kamera polaroid kang biyen luwih dikenal kanthi jeneng “*photo instan*”. *Instagram* uga bisa nampilake photo-photo kanthi cara instant utawa langsung sajrone tampilane. Dene tembung “*gram*” saka tembung “*telegram*”, amarga ing sajrone carane kerja *telegram* nduwensi paedah gawe ngirimake informasi marang wong liya kanthi cara kang cepet. *Instagram* uga bisa menehi inspirasi kanggo kang gawe uga bisa ningkatake kreatifitas amarga sajrone *instagram* nduwensi fitur kang bisa ndadeake foto dadi luwih apik, luwih artistik lan bisa dadi luwih narik kawigaten (Atmoko, 2012:10).

Akun *Instagram* @yowessory

Akun *instagram* @yowessory saka tembung “*yowes*” kang nuduhake yen dheweke ngalah, utawa pasrah kanthi basa Indonesia nduwensi makna “*yasuda*”. Dene arti tembung “*sory*” saka basa inggris kang nduwensi makna “*ma’af*” utawa ing

basa jawa “sepurane” dadi teges akun instagram @yowessory yaiku “yawis sepurane” utawa “yaudah ma’af”. Akun iki digawe wiwit taun 2014 tanggal 9 Oktober lan isih aktif nganti saiki. Akun iki uga wis mosting 2.124 gambar kang isine ukara-ukara lan isih akeh banget *postingan* bentuk liyane. Banjur wis dimeluni 456ewu panganggo *instagram* nuduhake yen akun iki dinikmmati dening masyarakat. Kang nduweni akun *Instagram* @yowessory yaiku Mas Adam, saka kutha Solo. Dheweke ngandharake yen akun @yowessory awale amung akun *alternatif* ora akun pribadhi kang dadi utama, ananging tanpa disangka saka akun *alternatif* kasebut bisa narik kawigaten masyarakat utamane panganggo *instagram*.

Lelandhesan Teori kanggo Panliten

Sajrone panliten iki nggunakake teori pragmatik Miturut Tarigan (2009: 29) pragmatik yaiku telaah ngenani makna kang gegayutan karo aneka situasi ujaran. Miturut Searle (sajrone Tarigan, 2009: 42-43) jinis tindak turur ilokusi diperang dadi lima. Ana lima jinis tidak turur ilokusi antarane yaiku tindak turur ilokusi direktif, tindak turur ilokusi asertif, tindak turur ilokusi komisif, deklaratif lan tindak turur ekspresif. Tindak turur asertif kang arupa ukara asertif sajrone Akun Instagram @yowessory miturut Searle (1979 sajrone Leech 1993:163-164) kaperang ana 6 yaiku (1) Nyatakake (*menyatakan*), (2) Menehi Pamanggih (*mengusulkan/memberi pendapat*), (3) Menehi Ngerti (*Memberi tahu*), (4) Nglaporake (*melaporkan*), (5) Sambat (*mengeluh*), (6) Umuk (*membual*). Instagram uga bisa menehi inspirasi kanggo kang gawe uga bisa ningkatake kreatifitas amarga sajrone instagram nduweni fitur kang bisa ndadeake foto dadi luwih apik, luwih artistik lan bisa dadi luwih narik kawigaten (Atmoko, 2012:10).

METODHE PANLITEN

Metodhe panliten basa yaiku dhasare nliti dumadine basa sajrone cecaturan ing urip bebrayan (Zaim, 2014:11). Metodhe panliten yaiku minangka ilmu teges cara nggayuh tujuwan sajrone panliten lan ngandhut bab maneka warna perkara kang dijletrehake lan dipecahake kanggo bisa dimangerten (Nugrahani, 2014:42).

Jinis Panliten

Jinis panliten iki kalebu paniten basa kang nggunaake metodhe panliten kualitatif lan diandharae kanthi deskriptif. Panliten deskriptif yaiku panliten kang adhedhasar fakta kang ana utawa nyata, sahingga dhata kang diasilake utawa kang dicathet arupa basa kang diomongake kang asipat kaya potret utawa paparan saanane. Panliten deskriptif iki nduweni ancas gawe ngandharake asil analisis kanthi cara ndeskripsiake wujud tindak tutur kang ana ing saben tuturan sajrone akun *instagram* @yowessory. Miturut Emzir Diarani panliten kualitatif amarga ing sajrone panliten iki panliti nduweni kuwasa kkanggo nemtoake samubbarang kang dibutuhake ing sajrone punjere panliten lan mbiji sawijining kahanan. Panliten iki ngandharake ukara asertif nuturi sajrone akun *instagram* “yowessory” kang digayutake karo konteks tindak turur.

Sumber Dhata

Sumber data sajrone panliten iki yaiku saka akun *instagram* @yowessory. Akun *instagram* @yowessory bisa diarani sumber dhata tuturan kang nduweni isi tuturan ngenani bab tresna campur sindhiran.

Dhata

Sakabehane asil kang ana ing lapangan kanthi kanyatan kang bisa dadi srana kanggo nyusun catethan sajrone panliten iki diarani dhata. Dhata kudu nduweni sifat kang jumbuh marang kanyatan kang ana lan ora ana owah-owahan utawa tambahan

kang ora padha karo kasunyatan (Mursidin, 2010: 169). Sajrone panliten iki ngunaake dhata yaiku ukara kang dijipuk saka medhia sosial akun instagram @yowessory. Akun instagram @yowessory dhewe kalebu akun kang misuwur amarga wis nduweni panganggggo 457 ewu wong lan uwis mosting 1984 ewu foto utawa konten dirasa cukup agawe sumber dhata sajrone panliten iki.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang dibutuhake kanggo ngumpulake dhata utawa pawarta kang bakal diteliti sajrone panliten. miturut Sanyono (2013: 59) yen panliten kualitatif nggunakake instrmen panliti dhewe. Instrument panyengkuyung yaiku ukara sajrone akun *instagram* @yowessory. Miturut Sugiyono (2012: 102) instrumen panliten yaiku sawijine alat kanggo ngukur fenomena alam utawa sosial apa kang bakal diamati. Panliten iki nggunakake instrumen panliten yaiku:

- a. Panliti yaiku minangka pawongan kang nggolek lan ngolah dhata.
- b. Leptop lan hp kang ana *kuotane* minangka salah siji piranti kang digawe nggarap sumber dhata kang awujud akun *instagram* @yowessory.
- c. Piranti kanggo nulis kang digawe nulis bab-bab kang diperlokake kayata buku, alat tulis. Piranti kanggo nulis minangka instrumen panyengkuyung.

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Tata cara ngumpulake dhata sajrone panliten kualitatif Mitrut (Emzir 2010: 6) arupa (1) dhata kanthi bentuk pitakonan umum partisipan gawe ngasilake jawaban-jawaban, (2) dhata tembung-tembung (teks) utawa dhata gambar (*picture*) (3) Infomasi saka saitik individu utawa situs. Teknik kang wis diandharake ing dhuwur cocok banget

kanggo panliten ini amarga sajrone panliten iki, tata cara ngumpulake dhata kang digunaake yaiku kanthi cara *screenshot* utawa dokumentasi lumantar jepretan layar kang ana ing *Hp (Handphone)*. Banjur nggoleki dhata kang arupa cathetan, instagram, photo-photo, tulisan kang jumbuh karo judhul panliten iki. Sajrone tata cara dokumentasi kang digunaake supaya bisa mangerten gambaran ngenani dhata kang bakal diteliti lan selaras karo judhul panliten. Saka teknik dokumentasi kasebut dhata bisa dipercaya lan bisa dianggep apa anane ora ana tambahan lan kurangane. Data sajrone panliten iki dijukuk saka narasi, utawa foto kang ana teks e lan bisa dideleng saka caption utawa katrangan foto sajrone akun *instagram* “yowessory” Amarga sajrone akun *instagram* “yowessory” akeh teks utawa cecaturan bab nuturi, sindiran, nyataake lan liyane kang ngandhut tindak turur asertif kang isih perlu gawe dikaji lan diteliti. Saka panliten iki ngasilake wujud kayata ukara-ukara asertif utamane tindak turur ilokusi nuduhake kang ana sajrone akun *instagram* “yowessory”. Teknik liyane kang digunaake ngumpulake dhata yaiku teknik maca lan nyanthet kanthi cara cermat lan teliti.

Tata Cara Analisis Dhata

Tata cara analisis data sajrone panliten iki yaiku dilaksanakake kanthi cara langkah-langkah kang ana ing ngisor iki:

- (1) Milih ukara kang ana ing sajrone akun *instagram* @yowessory kang kalebu ukara asertif.
- (2) Dhata arupa ukara asertif sajrone akun *instagram* @yowessory ditulis ing sajrone panliten kanggo dhata.
- (3) Data kang uwis ditranskripsiake banjur digolongake miturut perangan tindak turur asertif.

- (4) Banjur dhata dianalisis adhedhasar wujud ukara asertif, jinis tindak turut nuduhake/asertif, legeyane panutur lan pananggape mitra turut.
- (5) Nyimpulake panliten.

Tata Cara Nyuguuhake Dhata

Tata cara nyuguuhake asil dhata sajrone panliten, Sudaryanto (1993:145) ngandharake yen ana loro yaiku kanthi cara formal lan informal. Sajrone panliten iki dhata disuguuhake kanthi cara informal. Metodhe informal sing digunakake yaiku kanthi cara asil analisis dhata disuguuhake kanthi wujud jlentrehan kang nggunakake ukara-ukara sing bisa dimangerten. Tuladhane kaya dhata ing ngisor iki:

ANDHARAN

Wujud Tindak Turut Illokusi Nuduhake/Asertif sajrone Akun Instagram @yowessory

Ana ing ngisor iki bakal diandharake asil saka panliten ngenani tidak turut asertif kang arupa ukara asertif adhedhasar wujud Tindak Turut Illokusi Nuduhake/Asertif sajrone Akun Instagram @yowessory

Jinis tindak turut illokusi nuduhake/asertif sajrone Akun Instagram @yowessory

Miturut Searle (1979) sajrone Leech 1993:163-164) kaperang ana 6 yaiku (1) Nyatakake (*menyatakan*), (2) Menehi Pamanggih (*mengusulkan/memberi pendapat*), (3) Menehi Ngerti (*Memberi tahu*), (4) Nglaporake (*melaporkan*), (5) Sambat (*mengeluh*), (6) Umuk (*membual*).

Tindak Turut Illokusi Nuduhake/Asertif Nyatakake

Pacaturan iki bisa dianggep nyatakake yen sajrone pacaturan iki ngandhut bab kang dianggep panutur bener lan pener. Kayata dhata ing ngisor iki kang ngandhut ukara asertif sajrone pacaturan kang ana ing akun *instagram @yowessory*.

(1) @yowessory: Mungkin bener, sepiro gedhe usahaku nglalekne kowe, sepiro akehe buku-buku coro nglalekne sing wis tak woco... Tetep wae, kowe iseh mlaku-mlaku neng sirahku, Malah soyo cetho.

@guntoroariyadi: Wes suwe we ra rene, we lungo mung masalah sepele.. we golek liyane!!

<https://www.instagram.com/p/B9uGh2rAZMF/>

(dideleng 6 April 2020)

Saka dhata (1) *Postingan* 14 Maret 2020 pacaturan ing ndhuwur kalebu tindak turut nuduhake/asertif nyatakake. Wujud asertif kasebut dibuktikake saka ukara “*Mungkin bener*”. Jinis asertif nyatakake dibuktikake saka ukara “*sepiro gedhe usahaku nglalekne kowe, sepiro akehe buku-buku coro nglalekne sing wis tak woco... Tetep wae, kowe iseh mlaku-mlaku neng sirahku, Malah soyo cetho.*” Lan nduweni fungsi kanggo nuduhake yen dheweke angel nglalikake wong kang ditresnani.

Tindak Turut Illokusi Nuduhake/Asertif Menehi Pamanggih

Tindak turut illokusi nuduhake/asertif menehi pamanggih (*Mengusulkan*) minangka tindak turut kang ditindakake dening panutur kanggo menehi anjuran utawa aweh pendhapat. Wujud tindak turut illokusi nuduhake/asertif menehi pamanggih ana nalikane mitra turut butuhake pamanggih.

(17) @yowestalk: Mas, pas nesu pacarku ga senjoto ngomong ttg kahananku sing ga due, pripun ya mas?

@yowessory: Jawaban: senjoto utowo ora, Jane ora pas wae. Tapi jenenge wong nesu, omongan opo wae kuwi konteks e dadi landep.. Nek emang ora senjoto, lan gelem njaluk ngapuro, coba kei kesempatan meneh dinggo ora mbaleni kesalahan kuwi. Tur dinggo awakmu yo ojo dadi bensin sing isoh ggaw geni kuwi gedhe. Menowo nesune sing ra kekontrol kuwi mergo skapmu.. nek pasaganmu tipe sing koyo ngono, seneng ngungkit-ngungkit kesalahanmu utowo kekuranganmu, isoh dadi sukben pas nesu

meneh, de'e yo bakal ngungkit-ngungkit meneh.

https://www.instagram.com/p/B9_-VHggK7R/

(dideleng 6 April 2020)

Saka dhata (17) *Postingan* 21 Maret 2020 pacaturan ing ndhuwur kalebu tindak turur nuduhake/asertif Menehi Pamanggih. Wujud asertif kasebut dibuktekake saka ukara “*sengojo utowo ora, jane ora pas wae*”. Jinis asertif menehi pamanggih dibutekake saka ukara “*Tapi jenenge wong nesu, omongan opo wae kuwi konteks e dadi landep..*” Lan nduweni fungsi kanggo menehi pamanggih yen wong nesu kuwi bisa wae medeni, dadi yen bisa aja nggawe wong nesu utawa aja nganggu wong kang lagi panas atine.

Tindak Turur Ilokusi Nuduhake/Asertif Menehi Ngerti

Pacaturan iki bisa dianggep tindak turur ilokusi nuduhake/asertif menehi ngerti yen sajrone pacaturan iki ngandhut bab kabecikan kang dianggep panutur bener lan pener kanggo urip bebrayan. Nduweni fungsi kanggo menehi ngerti marang pawogan kang durung ngerti utawa urung cetha.

(30) @yowessory: Nek hubunganmu, kowe seng biasane mulai obrolan dhisek, seng selalu ngabari dhisek, seng nek entuk balesan ratau dibales dhowo, seng selalu minta ma'af padahal ora salah, seng selalu nuruti pengene ben ora nesu... Pliss, kowe ki puekok.

@handilintar: YAK MUNDUUUUURRRR

<https://www.instagram.com/p/B9-yEXvgJE/>

(dideleng 6 April 2020)

Saka dhata (30) *Postingan* 21 Maret 2020 pacaturan ing ndhuwur kalebu tindak turur nuduhake/asertif Menehi Ngerti. Wujud asertif kasebut dibuktekake saka ukara “*Nek hubunganmu,*”. Jinis asertif menehi pamanggih dibutekake saka ukara “*Pliss, kowe ki puekok*”, Lan nduweni fungsi kanggo menehi ngerti

yen kowe ki pekok, amarga hubungan sing wis ra sehat ananging isih wae diteruske. Aja nganti nyiksa awakedhewe kanggo bahagiane wong liya.

Tindak Turur Ilokusi Nuduhake/Asertif Nglapurake

Tindak turur ilokusi nuduhake/Asertif *nglaporake* (*melaporkan*) minangka tindak turur kang ditindakake dening panutur isine ngenani laporan (*pemberitahuan*) utawa tumindak nuturake bab kang ngandharake ngenani pawarta kahanan kang dumadi.

(76) @yowestalk; mas adam, aku ndue bojo tapi bojoku ijek gondeli mantane, mergo pas sakdurunge rabi karo dee ndue yang dan dee ngomong yen ra seneng karo aku, dee ngrabi aku mung mergo tanggung jawab tok (aku hamil diluar nikah) tapi aku sak omah karo dee ratau digagas lan ora dinafkahi. Posisi aku wes isi 5sasi mas, opo kui sing dimaksut tanggung jawab? Tpi untunge keluargane do peduli karo aku mas.. tapi yen gur di anggep patung karo dee aku suwe” yo ora betah mas, aku kudu bersikap pie menurutmu? Tulung jawab curhatku mas.

<https://www.instagram.com/p/B98Vm8AbLD/>

(dideleng 6 April 2020)

Saka dhata (76) *Postingan* 20 Maret 2020 pacaturan ing ndhuwur kalebu tindak turur nuduhake/asertif nglapurake. Wujud asertif kasebut dibuktekake saka ukara ““*mas adam, aku ndue bojo tapi bojoku ijek gondeli mantane,*”. Jinis asertif nglapurake dibutekake saka ukara “*mergo pas sakdurunge rabi karo aku dee ndue yang dan dee ngomong yen ra seneng karo aku, dee ngrabi aku mung mergo tanggung jawab tok (aku hamil diluar nikah) tapi aku sak omah karo dee ratau digagas lan ora dinafkahi.*” Lan nduweni fungsi kanggo sajrone urip bebrayan aja nganti nglakoni bab kang neko-neko amarga bakal getun mburi.

Tindak Turur Ilokusi Nuduhake/Asertif Sambat

Tindak turur ilokusi nuduhake/asertif sambat (mengeluh) yaiku anane sambatan ing sajrone cecaturan, banjur anane solusi saka sambatan kang diandharake bisa saka panutur utawa mitra turur.

(81) @yowessory: Kene ngati-atih sing omongan ben ora nglarani ati.. Etapi wong liyo malah waton nyeplos sakpenake dhewe tanpo gagas atine kene.. Meh melu-melu kok yo ra tegalan, Dadi wong rapenakan ki rapenak..
@iosand: aq anggep, aq tau ngunu nang wong liyo, hla saiki balesane.. ngunu wae sih.. mergo aq wonge lalenan..

<https://www.instagram.com/p/B-eK7eigy1X/>

(dideleng 6 april 2020)

Saka dhata (81) *Postingan* 2 April 2020 pacaturan ing ndhuwur kalebu tindak turur nuduhake/asertif sambat. Wujud asertif kasebut dibuktekake saka ukara “*Kene ngati-atih sing omongan ben ora nglarani ati..*” Jinis asertif sambat dibutekake saka ukara “*Etapi wong liyo malah waton nyeplos sakpenake dhewe tanpo gagas atine kene.. Meh melu-melu kok yo ra tegalan, Dadi wong rapenakan ki rapenak..*”, Lan nduweni fungsi kanggo kita supaya ngati-ngati nalikane micara aja nganti nglarani wong liya.

Tindak Turur Ilokusi Nuduhake/Asertif Umuk

Tindak turur ilokusi nuduhake/asertif umuk (membual) yaiku tindak turur kang ngandhut bab umuk (omong kosong). Nduweni fungsi kanggo gawe bungah sawetara, ngrayu supaya narik kawigaten.

(113) @yowessory: Nek corona wis ilang, tak jak motoran neng bromo ya dik..

@yully_maholtra: Aku uwis pernah min... karo mantanku, Motoran ket solo sampe bromo PP.. pacaran 7th eh kandass..

<https://www.instagram.com/p/B-MSe3WAdQK/>

(dideleng 6 april 2020)

Saka dhata (113) *Postingan* 28 Maret 2020 pacaturan ing ndhuwur kalebu tindak turur nuduhake/asertif Umuk. Wujud asertif kasebut dibuktekake saka ukara

“*Nek corona wis ilang,*” Jinis asertif umuk dibutekake saka ukara “*tak jak motoran neng bromo ya dik..*”, Lan nduweni fungsi kanggo mbungah ne ati yen bakale diajak motoran dolan adoh yen corona wis ilang, masia ora ngerti sida apa ora.

Pamrayoga

Adhedasar saka asil panliten ngenani ukara asertif sajrone akun *instagram* @yowessory, Saran sajrone panliten iki kanggo panliti sabanjure bisa dimangertenih dene saben tuturan nduweni teges kang beda gumantung saka kahanan panutur supaya asile panliten kang dititi bisa sae. Panliti rumangsa yen panliten iki isih akeh kurange. Mula saka kuwi panliten ukara asertif sajrone akun *instagram* @yowessory, isih perlu dirembakake supaya luwih sampurna. Utamane sajrone akun *instagram* uga bisa dadi medhia kang ngrembakake basa jawa supaya ora ilang jawane.

Kapustakan

Buku:

Atmoko Dwi, Bambang. 2012. *Instagram Handbook Tips Fotografi Ponsel*. Jakarta: Media K.
Chaer, A. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.

Chaer, Abdul dan Leonie Agustin. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.

Emzir. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif: ANALISIS DATA*. Jakarta: Rajawali Pers.

Ibrahim. Abd. Syukur, 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usana Offset Printing.

Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik*. Terjemahan M. D. D Oka saka judhul asli “*The Principles of Pragmatics*” Jakarta: Universitas Indonesia.

Lubis, A Hamid Hasan. 2011. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.

Mangunsuwita. S. A. 2002. *Kamus Bahasa Jawa: Jawa-Indonesia*. Bandung: Irama Widya

Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta : Tiara wacana.

- Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Nugrahani, Farida. 2014. *Metode Penelitian Kualitatif dalam Penelitian Pendidikan Bahasa*. Surakarta: - (PDF online)
- Poedjosoedarmo, Soepomo, Tanpa Tahun, "Komponen Tutur", Yogyakarta: IKIP Sanata Dharma Yogyakarta
- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik: Kesantunan Imperati Bahasa Indonesia*, Jakarta: Erlangga.
- Sanyono. 2013. *Metodologi Penelitian Kualitatif, Kuantitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sudaryat, Yayat. 2006. *Makna Dalam Wacana Prinsip- Prinsip Semantik dan Pragmatik* : Bandung.
- Sudaryanto. 1993. *Metodhe dan Aneka teknik Analisis Bahasa Pengantar Penelitian*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif Dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Tarigan, H.G.2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar- Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Press.
- Zaim, M. 2014: *Metode Penelitian Bahasa: Pendekatan Struktural*, Lampung: Sukabina Press.
- Jurnal:
- Surana, 2005., Et Al. "Variasi Bahasa dalam Stiker Humor (Doctoral dissertation, Universitas Gadjah Mada)" (online) sajrone http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?mod=penelitian_detail&sub=PenelitianDetail&act=view&typ=html&buku_id=87892&objek_id=4 (Dideleng 29 November 2019)
- Surana, S. 2017. Inferensi dan Problematika Pembelajaran Analisis Wacana. *Fkip E-Proceeding*,237-244. (online) sajrone <https://jurnal.unej.ac.id/index.php/fkip-epro/article/view/4878> (dideleng 03 Maret 2020)
- Surana, S.2017. Aspek Sosiolinguistik Dalam Stiker Humor. *Lokabasa*. 8(1), 86-100. (online) sajrone <https://ejournal.upi.edu/index.php/lokabasa/article/view/15970/0> (dideleng 03 maret 2020)
- Skripsi
- Ekawati. Sunu. 2016. *Tindak Tutur Ilokusi Dakwah K.H. Anwar Zahid Sajrone SPengajian Umum Ing Desa Kanoreejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban*. Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa.
- Indria, Novi. 2020. *Tindak Tutur Asertif ing Pasar Songgolangit, Banyudono, Kabupaten Ponorogo*. Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa.
- Rizqian. 2017. *Tindak Tutur Ilokusi Dakwah K.H. Ghofur Sajrone Pengajian Umum Ing Desa Putat Kecamatan Turi Kabupaten Lamongan*. Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa.
- Instagram:
- <https://www.instagram.com/yowessory/>
- <https://www.instagram.com/p/B-MSe3WAdQK/>
- <https://www.instagram.com/p/B-eK7eigy1X/>
- <https://www.instagram.com/p/B9-yEXvgJE/>
- <https://www.instagram.com/p/B98Vmg8AbLD/>
- https://www.instagram.com/p/B9_VHggK7R/
- <https://www.instagram.com/p/B9uGh2rAZMF/>
- <https://www.instagram.com/p/B90vv5OAltS/>